



Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE ANE PWOGRÈ KI ADRESE DEFI ENFRASTRIKTI
DLO KI DIRE DEPI LONTAN NAN VIL MOUNT VERNON**

***Kòmanse konstriksyon Pwojè Egou Third Street la make yon etap enpòtan nan
envestisman istorik Eta ki 150 milyon dola nan jistis anviwònmantal***

***Pwojè Egou Third Street la ki koute 9 milyon dola asire sèvis dlo ize ki fyab pou
4,100 rezidan***

***Lòt mezi pou abòde defi dlo ize ak dlo lapli, retire liy sèvis dlo potab ki gen plon ki
deja sou pye***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon etap enpòtan nan investisman istorik 150 milyon dola ak yon patenarya avèk Majistra Mount Vil Mount Vernon lan, Shawyn Patterson-Howard, ak Chèf Egzekitif Konte Westchester a, George Latimer, pou adrese defi pwoblèm jistis anviwonmantal ki dire depi lotan ansanm ak enfrastrikti dlo ak defi sante piblik ki deja ap ravaje Vil Mount Vernon pandan plizyè deseni. Konstriksyon ap kòmanse sou Pwojè Egou Third Street la ki enpòtan anpil, ki pral asire sèvis dlo ize fyab ak amelyore kalite lavi pou plis pase 4,100 rezidan Mount Vernon ki afekte pa liy enfrastrikti egou ki kraze yo.

"Soti nan konsepsyon rive nan finisman pwojè, Eta New York pran angajman pou l ede Mount Vernon pwospere lè li bay resous ki nesesè pou korije enjistis ki te pase yo nan yon kominote koulè ki te pote fado polisyon nan yon fason ki pa pwopòsyonèl", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan sèlman yon ane, nou te fè anpil pwojè sou pwojè sa a pou amelyore byennèt kominote a, epi mwen pa ka tann pou m kontinye patenarya sa a pandan n ap bati yon avni ki pi briyan, ki pi an sante pou Mount Vernon."

Kòmanse konstriksyon pwojè egou Third Street la make apeprè yon ane depi Gouvènè Hochul te anonse [investisman 150 milyon dola](#) ak patenarya tripati avèk Mount Vernon ak Konte Westchester pou mete ajou enfrastrikti dlo ki aje epi ki an defayans ki te redwi kalite lavi pou kominote jistis anviwònmantal sa a.

Patenarya Eta-Konte-Vil inovan sa a te enskri nan yon Memorandòm Konpreyansyon (Memorandum of Understanding, MOU) pou akselere pwojè priyorite yo epi dekri wòl,

responsablite, ak finansman ki disponib pou efò sa a nan tout vil la. MOU an fòme ofisyèlman patenarya tripati ant vil Mount Vernon, Konte Westchester, ak Eta New York ki enkli itilizasyon 9 milyon dola nan fon Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure Act) la pou travay enjenyeri, konsepsyon, ak konstriksyon ki lye ak Pwojè Egou Third Street la.

Pwojè a ap kòmanse apre yon pwosesis planifikasyon ak konsepsyon akselere epi li pral asire sèvis dlo ize serye pou 4,100 rezidan ki tou pre yo ki kounye a se yon minimòm ki sèvi pa ponp tanporè yo ak yon sistèm enpwovize ki enstale nan mitan Third Street la. Plis amelyorasyon atravè vil la pral fèt an plizyè faz sou senk a sèt ane.

Reparasyon Kontinyèl

Pwojè yo te kòmanse imedyatman ane pase a epi yo kontinye bay yon lòt 6 milyon dola ki soti nan Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) pou finanse 33 pwojè reparasyon priyorite ak 10 milyon dola ki soti nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) pou evalyasyon, konsepsyon remède, ak reparasyon konplè liy koleksyon "Outfall 24" ki dechaje dlo egou kri nan Rivyè Hutchinson lan. EFC te dedye yon lòt 2 milyon dola pou sèvis konsiltan enjenyeri pou akselere travay la. Mount Vernon ak DEC ap antreprann tou yon pwogram jesyon byen ki koute 1 milyon dola pou fè envantè, evalye ak retrase enfrastrikti dlo vil la epi ede kreye yon plan pou finanse ak kenbe enfrastrikti kalite dlo Mount Vernon lan alontèm.

Ranplasman tiyo ki gen plon yo

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la isit la ap travay aktivman ak Konsèy Apwovizyonman Dlo Mount Vernon (Mount Vernon Board of Water Supply, MVBWS) lan sou pwojè envantè liy sèvis ki gen plon ki koute 1 milyon dola. Mount Vernon te apwouve akò finansman sibvansyon 1 milyon dola ak EFC nan dat 14 septanm 2022, epi MVBWS te kòmanse efò envantè yo nan revize achiv yo ki gen plis pase 12,500 kont dlo. Nan apeprè 8,300 dosye liy sèvis yo revize jiska prezan, apeprè 5,300 endike prezans yon pòsyon ki gen plon. Anplis revizyon konplè achiv la, ki prevwa pou l fini nan sezon otòn 2024 la, MVBWS te lanse efò angajman kominotè an avril ak enfòmasyon piblik pa lapòs ak kreyasyon yon [sit entènèt pou pwogram liy sèvis ki gen plon](#), paske kowòdinasyon ak piblik la sou inisyativ sa a enpòtan anpil nan siksè alontèm li. Envantè liy sèvis ki gen plon an se yon etap kle nan aksyon konplè pou ranplase liy ki gen plon yo.

Inisyativ Kay Sen Mount Vernon lan

Konstriksyon te kòmanse tou pou premye kay yo akòde nan kad [pwogram pilòt Kay Sen Mount Vernon](#) (Mount Vernon Healthy Homes) lan. Pwogram 3 milyon dola, ki administre pa Biwo Kay ak Kominote Rezistan (Resilient Homes and Communities, RHC) Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la, se yon ogmantasyon sou investisman 150 milyon dola eta a epi li ap enstale amelyorasyon rezidansyèl ki gen rapò ak egou nan katye ki gen gwo risk pou gen refoulman dlo ize yo. Pilòt la vize pwopriete ki pi souvan afekte epi ki gen gwo risk ki te afekte pa kriz la. Li ede New York reyalize objektif li pou konstwi kay fleksib ki

adapte ak yon klima k ap chanje pandan y ap priorize kominote yo ki pa te ase priorite nan tan pase.

Rezidan yo apwouve pou patisipe nan Kay Sen Mount Vernon lan pral elijib pou resevwa amelyorasyon sa yo:

- Nouvo aparèy pou prevansyon refoulman egou sanitè
- Amelyorasyon drenaj dlo ize
- Nouvo sistèm filtrasyon dlo nan tout kay la
- Ranplasman jiska de twalèt ki gen debi fèb
- Netwayaj ak asenisman apre domaj oswa mwazi ki lye ak inondasyon dlo ize
- Lòt asenisman anviwònmanal nan kad danje tankou penti plon oswa amyant

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Rezidan Mount Vernon yo te ravaje ak laperèz pou dlo egou toksik yo pa polye dlo yo epi refoule lakay yo pandan twò lontan. Aksè ak dlo pwòp ki fyab se yon dwa fondamantal ke yo pa ka inyore ankò. Avèk inogirasyon Pwojè Egou Third Street la, n ap fè gwo pwogrè nan direksyon pou rezoud pwoblèm jistis anviwònmanal ak amelyore kalite lavi pou rezidan vil yo. Mwen te travay san pran souf pou m asire ke Mount Vernon gen sipò federal ki nesèsè pou ranje sistèm egou li a epi konstwi enfrastrikti egou pou dlo ke vil la merite. Soti nan sekirize plis pase 11.7 milya dola nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) la pou Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) EPA a pandan senk ane k ap vini yo, ki te bay plis pase 200 milyon dola nan CWSRF Eta New York ane pase a sèlman, rive nan livrezon 41 milyon dola pou Vil Mount Vernon nan Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan, ARP) an, nou pran angajman pou sistèm egou vil la koule nan bon direksyon an. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou efò li pou atenn gwo etap enpòtan sa a epi mwen p ap sispann goumen jiskaske chak rezidan gen aksè ak dlo pwòp ki an sante."

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Fas ak chanjman klimatik ak evènman move tan enprevizib yo, li pi enpòtan pase anvan pou nou investi nan enfrastrikti fleksib", deklarasyon manm Kongrè Jamaal Bowman, Ed.D. (NY-16). "Dlo pwòp esansyèl pou kapasite chak kominote pou yo fonksyone. Mwen kontan wè Gouvènè Hochul fè sante ak sekirite rezidan Mount Vernon yo vin yon priorite."

Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare, Jodi a, nou selebre pwogrè ki fèt nan abòde pwoblèm jistis anviwònmanal ki dire lontan ak defi enfrastrikti dlo yo nan Mount Vernon. Dlo pwòp se yon dwa imen debaz, epi nou dwe asire ke chak kominote gen aksè ak dlo potab ki san danje epi ki fyab. Kòmanse konstriksyon Pwojè Egou Third Street la fè yon etap enpòtan nan patenarya istorik nou an, ak amelyore kalite pou plis pase 4,100 rezidan isit la nan Mount Vernon."

Majistra Mount Vernon lan, Shawyn Patterson-Hoaward, te deklare, "Angajman Gouvènè Hochul pran pou l abòde defi enfrastrikti sanitè ak dlo lapli ki dire lontan nou

yo se yon inisyativ ki louwab. Pwojè Egou Third Street la se yon efò kolaborasyon ant Vil Mount Vernon, Eta New York, ak Konte Westchester. Li gen pou objektif pou li ranplase enfrastrikti egou ki aje, adrese pwoblèm kapasite, ak diminye risk re foulman egou ak enkyetid anviwonmantal ki gen rapò ak li yo. Siksè aplikasyon pwojè a pral non sèlman amelyore sante ak sekirite piblik men tou kontribye nan revitalizasyon jeneral la ak dirabilite vil nou an. Nou pran angajman pou abòde enpak ki pa pwopòsyonèl polisyon ak danje anviwonmantal yo sou kominote ki majinalize yo. Avèk sipò Gouvènè Hochul, n ap fè pwogrè enpòtan nan direksyon pou yon Mount Vernon ki pi an sante ak pi an sekirite."

Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare, "Jodi a, nou selebre yon etap enpòtan ak pwogrè enkwayab ki te fèt pou kreye yon avni ki pi an sante ak pi fleksib pou gwo vil Mount Vernon lan. Pwojè Egou Third Street la, ansanm ak reparasyon ak efò ranplasman tiyo ki gen plon k ap kontinye, reprezante yon investisman istorik nan vil nou an ak angajman kontinyèl patnè mwen yo nan gouvènman an pou rezoud pwoblèm enfrastrikti dlo ize ak dlo lapli ki dire lontan, retire liy sèvis dlo potab ki gen plon, epi konstwi kay ki rezistan. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Mount Vernon lan Shawyn Patterson-Howard, Chèf Egzekitif Konte Westchester a George Latimer, ak Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la Basil Seggos, paske yo te pran mezi rapid pou adrese bezwen ki pi ijan nan kominote nou an epi asire yon avni ki pi briyan pou jenerasyon k ap vini yo."

Doktè Catherine Coleman Flowers, Direktris Egzekitif Jeneral Sant pou Antrepriz Riral ak Jistis Anviwònmantal la, te deklare, "Travay Gouvènè Hochul ak Majistra vil Mount Vernon lan Shawyn Patterson-Howard ap fè se yon egzanp pafè sou fason gouvènman lokal ak eta a yo kapab mete tèt yo ansanm pou aplike enfrastrikti dlo pwòp ak enfrastrikti sanitasyon pandan y ap konsidere tou jistis anviwònmantal la ak enpak chanjman klimatik yo sou kominote lokal yo. Mwen pa ka tann kontinuite pwogrè patenarya sa a."

Administratè Rejyonal EPA, Lisa F. Garcia, te deklare, "Anons jodi a souliye enpòtans pou envesti nan Etazini pou amelyore lavi moun, kreye travay, ak amelyore kalite dlo pou kominote yo tankou Mount Vernon. Investisman enpresyonan 150 milyon dola New York nan kominote sa a ap ogmante pa fon federal yo. Plan Sekou Ameriken an te atribye 41 milyon dola pou Mount Vernon, epi yo prevwa pou jwenn lòt finansman federal atravè enjeksyon san parèy nan fon enfrastrikti dlo ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral Prezidan Biden lan."

Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "DEC fyè de pwogrè siyifikatif k ap fèt pou ede reyalize angajman istorik Gouvènè Hochul pran anvan moun Mount Vernon yo. Nan travay ansanm ak Majistra Patterson-Howard, Egzekitif Konte a Latimer, ak ajans sè nou yo, DEC ap travay pou adrese plizyè deseni inegalite ak enjistis nan ede pwopriyete pwopriyete yo satisfè bezwen ki pi fondamantal yo ak investisman efikas nan dlo pwòp ki pral transfòme kominote sa a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal la, Maureen A. Coleman, te deklare, "EFC kontan pou selebre yon ane kominikasyon ak koperasyon kontinyèl nan ant Vil Mount Vernon, Konte Westchester ak kat ajans patnè nou yo pou ede ekipe Mount Vernon lè yo bay finansman, resous ak asistans teknik ki nesèsè pou vil la kòmanse fè reparasyon imedyà nan enfrastrikti enpòtan yo. Soti nan planifikasyon ak konsepsyon rive nan konstriksyon, EFC pran angajman pou l travay kòtakòt ak Majistra Patterson-Howard ak Komisè Travo Piblik la Bush pou ede transfòme enfrastrikti vil la ki kraze yo an yon sistèm ki rezistan ke rezidan yo merite. Siksè patenarya sa a reflekte angajman Gouvènè Hochul pran anvè Majistra Patterson-Howard ak rezidan Mount Vernon yo."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Lè Gouvènè Hochul te rele nou pou nou aji nan Mount Vernon, nou te deplase rapidman pou konplete investisman istorik Eta a ak sipò dirèk pou rezidan yo ki pi afekte pa kriz dlo ak egou yo. Gras ak patenarya ak patnè Federal, Eta ak Vil nou yo, n ap bay plizyè douzèn fanmi lapè nan lespri ki soti nan yon kay ki an sekirite epi ki sen."

Komisè Sante pa Enterim Depatman Sante a, Doktè James McDonald, te deklare, "DOH kontan anpil pou wè kolaborasyon ant Vil Mount Vernon, Konte Westchester, ak tout ajans patnè yo te mennen nan kòmansman konstriksyon enfrastrikti dlo, ak kòmansman amelyorasyon nan sante Nouyòkè sa yo ke yo t ap tann depi lontan. Depatman an remèsye Gouvènè Hochul pou angajman dirab li anvè dlo potab pou rezidan Mount Vernon yo ak tout Nouyòkè yo kounye a ak pou ane k ap vini yo."

Avoka anchèf nan Konsèy Defans Resous Natirèl la, Mitch Bernard te deklare, "Pandan plizyè deseni, rezidan Mount Vernon yo, yon kominote majorite moun yo Nwa, yo te fè fas ak tiyo ki kraze ak sousòl ki inonde ak ti rekou. Finalman, yo ap jwenn kèk soulajman. Ak finisman pwojè enfrastrikti dlo ize sa yo, kominote a pral sèvi kòm yon modèl pou akò enfrastrikti atravè peyi a pou montre ke kolaborasyon ak gouvènman lokal ak eta a kapab fè bagay yo reyalize."

Angajman New York pou Dlo Pwòp

New York kontinye ogmante investisman li nan pwojè enfrastrikti dlo pwòp. Bidjè yo adopte pou 2023-24 enkli yon lòt 500 milyon dola nan finansman pou dlo pwòp jan Gouvènè Hochul te pwopoze a, sa ki mennen investisman total New York nan enfrastrikti dlo pwòp la nan 5 milya dola depi 2017. Pou eksplwate investisman sa yo epi asire kowòdinasyon kontinyèl avèk gouvènman lokal yo, Gouvènè a te pwopoze kreyasyon Ekip Asistans Kominote yo pou fè sansibilizasyon ki pwo-aktiv pou ti kominote riral epi ki defavorize yo epi ede yo jwenn aksè nan èd finansye pou reponn a bezwen enfrastrikti dlo pwòp pa yo. [Yo te fèk lanse inisyativ la](#) epi gen reyinyon sou sansibilizasyon k ap fèt. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak bezwen enfrastrikti dlo yo pou kontakte EFC nan efc.ny.gov/CAT.

Anplis de sa, elektè yo apwouve Lwa sou Obligasyon Anviwònmantral Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act) 4.2 milya dola nan novanm 2022, fè avanse plis nivo finansman istorik pou modènize enfrastrikti dlo ki vye epi pwoteje kalite dlo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan envesti omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan resous nan kominote defavorize yo. Pandan Semèn Latè a, Gouvènè Hochul te anonse premye disponiblite finansman Lwa Obligasyon an ki, lè yo konbine avèk sous finansman eta ki egziste deja, totalize 425 milyon doal ki disponib nan finansman sibvansyon pou dlo eta a. Aplikasyon yo dwe fèt anvan 28 jiyè epi ou ka jwenn plis enfòmasyon nan <https://efc.ny.gov/wiia>.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)